

ZVAKAKOSHA ZVINOFANIRA KUITWA KUTI KUWUCHIKA (ARTIFICIAL INSEMINATION) PAKUCHENGETA MOMBE KUBUDIRIRE


Zvakakosha zvinofanira kuitwa kuti kuwuchika kubudirire ndezvinoti:

- Kuchengetwa kwemombe zvakana
- Kugona kuchengeta mhau nematsiru zvakana
- Kuve nemagwaro emombe dzenyu akanyorwa nemazvo uye akanyorwa zvechokwadi
- Kukwanisa kuongorora nekuziva zviratidzo zvenguva yekuti mhau dzenyu dzave kuda bhuru
- Kuve nezvekushandisa zvinodiwa pakuchengetwa kwemombe nepanodyirwa

- Hurume hunofanira kutorwa kubva kunzvimbo inovimbika uye ine hurume hwemhando yepamusoro (reliable source...)
- Kuchengetedzwa nekubatwa zvakana kwehurume (Proper storage and handling...)
- Michina yakatsanangurika inoshandiswa pakuwuchika nezvekunoshandisa kuti kuwuchika kubudirire. (Specialised equipment...)
- Muwuchiki anogona basa uye akambowuchika (An experienced inseminator.)
- Kutevedzera matanho ekuwuchika nemazvo kuti kubudirire. (Done methodically)


KUGADZIRIRA KUWUCHIKA KUNOBUDIRIRA

1. Iva nechikafu chakawana chemombe/nzvimbo yaunochengetera huswa kana mashanga kana zvimwe zvinosara mushure mekukohwa zvinodiwa nemombe. Iva nepaunochengetera chikafu chemombe chakawanda.



Iva nepaunochengetera huswa nemashanga ezvimwe zvirimwa zvinodiwa nemombe wozvichengeta zvakarongedzwa zvakana. Mombe imwe chete inofanira kunge yakachengeterwa matani asiri pasi pemasere.


2. Mapadhoki kana nzvimbo yekuti mhau dzimbogara dziri dzegadzirira chikafu




Zvipfuyo zvinobatsirika chaizvo kana zvikatsaurwa zvimbogara mumatanga akasimba zvichiphwa chikafu chakawanda uye chakavandudzwa chine hutano.

3. Ipa zvipfuyo chikafu chakavandudzwa chine hutano chamunowedzera mushure mekunge zvipfuyo zvadya mafuro.


1. ZVIRIMWA ZVINOBEREKA VANA MUMAKANDA



2. MITI




3. ZVIRIMWA ZVINOBEREKA TSANGA NEHUSWA KANA TSANGADZI



4. ZVINOSARA MUSHURE MEKUKOHWA




5. ZVINOWANIKWA MUSANGO



Zvipfuyo zvakaite semombe zvinobatsirikana chaizvo kana zvikawedzerwa chikafu chine zvirimwa zvinobereka tsanga, huswa, mashanga ezvirimwa zvinobereka tsanga akaita segorosi kana chibage nezvirimwa zvinobereka vana vari mumakanda zvakaite senyemba




4. Mvura nepekudyira




Gadzika mvura nepekudyira pari nyore kuti mombe dzisvikire.

5. Kusarudza mhou dzemhando yepamusoro




Sarudza mhou nematsiru akanaka zvichienderana nezera nehuremu hwemombe. Mamiriro emhou anofanira kunge achiwana zvi bodzwa zviri pakati pe3 – 3.5 uye inofanira kunge yakaiswa chikwangwari chinotaridza muridzi wemombe (kana zvichikwanisika)

6. Mishonga yekurapa mombe yakakwana/ Chekufiritisa (Knapsack)




Rapa zvipfuyo kana paita hurwere uchishandisa mishonga yakakwana pamwe nechifiritiso pakudhibhisa mombe

7. Kunyorwa kwemagwaro ane chekuita nemombe




Zvakakosha kugara muchinyora magwaro anotaura nezvemombe dzenyu nemazvo uye muchinyora zvechokwadi. Izvi zvinobatsira kuti mukwanise kuona zviratidzo nenguva yekuti mhou dzave kuda bhuru kuti muzokwanisa kuzoiwuchika.

8. Munogara mhuru, panotambira mombe nepelukamira mukaka



Kushandiswa kwenzvimbo inogara mhuru, panotambira mombe pakagadzirwa zvakasimba pamwe nenzvimbo dzakatsaurwa dzekukamira mukaka kunobatsira pakubudirira kwekuwuchika.

9. Muwuchiki anogona basa uye akambowuchika



Shandisai muwuchiki anogona kuwuchika uye tevedzerai zvinotarisirwa pamutemo. Shandisai nzira dzakanaka dzekuona zviratidzo zvekuti mhou yave kuda bhuru.

